Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 214 (25700)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 19 ноябр — джеоргуыбайы мæйы 19 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫСАНТÆ
Æнæниздзинад хъахъхъæнынады нывылад

3 ЮБИЛЕЙ
Ахуыргонд, патриот, гражданин

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Футбол

Нæ удварны бæрæгбæттæ

Ирыстоны адæм, Уастырджийы арфæтæй хайджын ут!

Ирыстоны зынаргъ цæрджытæ, æмбæстæгтæ!

Ацы бонты нæ адæм, зæрдæбынæй æууæндгæйæ æмæ хуыздæр цардыл ныфсимæ, бæрæг кæнынц сæйраг национ бæрæгбон Джеоргуыба.

Рагон æнустæй нæм чи 'рхæццæ, уымæн йæ ахадындзинад нырыккон царды бæрзонд æвæрд у: адæмы зæрдыл лæууын кæны йæ истори, традицитæ æмæ æгъдæуттæ сафын нæ уадзы, разыдзинад æмæ кæрæдзийы 'хсæн æмбарынад фидардæр кæны, йемæ хæссы егъау удварнон хъомыс.

Зæрдæбынæй арфæ кæнын Ирыстоны бирæнацион адæмæн ацы райдзаст æмæ ирд бæрæгбоны тыххæй!

Ацы аз Джеоргуыба бæрæг кæндзыстæм уæлдай æнкъарæнтимæ: политикон æмæ экономикон вазыгджын уавæрты не ппæт хъуыдытæ æмæ рæстуд куывд уыдзысты сабырдзинады æмæ фæрныгады тыххæй. Нæ фæсивæд, сæ фыдæлтæ æмæ сæ бабаты æмхуызон, æвзыгъдæй æмæ хъæбатырæй балæвуыдысты сабырдзинад хъахъхъæнынмæ. Уæззау фæндагыл сæ Уастырджи бахъахъхъæнæд! Алчидæр сæ тагъд уæлахизимæ йæ хæдзарыл æнæниз æмæ фидарæй куыд сæмбæла, алы бинонтæ дæр сæ бæлццоныл цингæнгæйæ куыд сæмбæлой, уый сын мæ зæрдæ зæгъы.

Æмбæлттæ! Сыгъдæг зæрдæйæ æмæ дзæбæх фæндæттимæ скуывд фехъуысæнт! Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

Сергей МЕНЯЙЛО,
РЦИ-Аланийы Сæргълæвуæг

Республикæйы зынаргъ цæрджытæ!

Бирæнацион Ирыстоны чи райгуырд æмæ схъомыл, уыдонæн арфæ кæнын Джеоргуыбайы бæрæгбоны тыххæй!

Незамантæй нæм æрхæццæ ацы рæсугъд бæрæгбон, уый æвдисы ирон адæмы хъæздыг удварн æмæ хæрзæгъдаудзинад, бинонты традицитæ æмæ рæсугъд æгъдæуттæ хъахъхъæны. Йæ бындуры æвæрд сты æнæбаивгæ хæзнатæ — сыгъдæг цæсгомимæ цæрын, сыхæгтимæ хорз ахастытæ аразын, дзæбæх æмæ фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ кæнын.

Ацы бонты нæ хæдзæртты хъуысдзысты сабырдзинад æмæ разыдзинады, нæ бæстæйы фидæны тыххæй ныхæстæ. Нæлгоймæгтыл, бæлццæттыл, хæстонтыл аудæг Уæстырджимæ куывдтытæ фехъуысæнт, уе 'ппæт ахсджиаг фæндæттæ царды æрцæуæнт!

Фарн æмæ амондæй хайджын ут, Ирыстоны адæм! Хистæрæй-кæстæрæй уын чи ис, уыдон уæхи фæндиаг уæнт! Арфæгонд ут æмæ уæ бæрæгбоны хорзæх уæд!

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар

Хæрзиуæг

Хорз лæг дзыллæйæ хæс дары

Зындгонд ахуыргонд æмæ паддзахадон архайæг ЦЫБЫРТЫ Людвиджы 90 азы юбилейы кадæн æмбырд уыд Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл академион театры. РЦИ-Аланийы Сæргълæвуæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ номæй юбиляр æн арфæтæ ракодта республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.

— Фыццаджы-фыццагдæр мæ дæуæн бузныг зæгъын фæнды дæ бирæазон æмæ æппæтвæрсыг архайды тыххæй. Дæу зонынц, куыд Ирыстоны иузæрдион патриот, аргъ дын кæнынц, куыд дзырддзæугæ адæймаг æмæ курдиатджын ахуыргонд. Ды зæрдиагæй бакуыстай ирæттæ æмæ Кавказы иннæ адæмты этнографийы, истори æмæ культурæйы хæдбындурдзинад раиртасыныл, дæ наукон фæллæйттæ та фæсарæнты дæр зындгонд сты.

Сæрмагонд ныхасы аккаг у, Республикæ Хуссар Ирыстоны фыццаг Президент суæвгæйæ, дæ политикон архайд. Дæ куырыхонад æмæ Фыдыбæстæйыл æнувыддзинад хорзæрдæм сахадыдтой хуссарирыстойнаг паддзахады хъомысыл. Рæстæджытæ ивынц, фæлæ æнæивгæ у дæ удысконд — дæ адæмæн куыд лæггад кодтай, афтæ йын ныр дæр лæггад кæныс. Дызæрдыг нæ кæнын, дæ цардвæндаг бирæ адæмæн дæнцæгон кæй уыдзæн, ууыл. Фидар æнæниздзинад æмæ фæрныгадæй хайджын у, — йæ арфæйы фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

Наукæ æмæ ахуырады райрæзтмæ стыр æвæрæн æмæ йæ бирæазон сыгъдæгзæрдæ архайды тыхæй РЦИ-Аланийы Сæргълæвуæджы Указæй Цыбырты Людвиг хорзæхджын æрцыд орден "Ирыстоны намыс"-æй.

Юбиляр æн арфæтæ ракодтой Хуссар Ирыстоны Президент **Гаглойты Алан**, Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз** æмæ иннæтæ. Кадджын æмбырды ма уыдысты æхсæнадон æмæ политикон архайджытæ, наукæ æмæ культурæйы къабæзты минæвæрттæ, Цыбырыфырты æмкусджытæ æмæ хæлæрттæ.

Зæгъын хъæуы, Цыбырты Людвиг ныртæккæ Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты этнологийы хайады сæйраг наукон кусæг кæй у, уый дæр.

РЦИ-Аланийы Сæргълæвуæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Хæрзаудæнад

Гуманитарон æххуыс

Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы ахуырады 1-æм азы дохтыр-ординатор Тимур ЛЕОНОВ кæм службæ кæны, Джеоргуыбайы бæрæгбоны агъоммæ нæ республикæйы реаниматологтæ уыцы батальон "Аланыстон"-æн арвыстой гуманитарон æххуыс.

Ацы хабар фехъусын кодта медакадемийы пресс-службæ. "Æфсæддон службæгæнджытæн арвыстам антибиотиктæ, рис мынæггæнæг хостæ, бæттæн æрмæг, стæй не студенттæй фыстæджытæ. Гуманитарон æххуыс æмбырд кæныны хъуыддаджы зæрдиагæй архайдтой Фтизиопульмонологийы республикон клиникон центры, стæй Тагъд æххуысы, нæ академийы æмæ Æрхонкæйы рынчындæттæ дохтыртæ", — загъта академийы минæвар.

Акци сарæзтой анестезиологийы, реанимаци æмæ интенсивон терапийы кафедрæйы кусджыты фæндонæй.

Нæ уацхæссæг

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн

Ацы бонты дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафыссдзысты сæ уарзон газет.

Ног азы фыццаг æмбисæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 1208 сомы æмæ 82 капеккæй (2022 азимæ абаргæйæ, у 41 сомы къаддæр). Адæмы льготон къордтæн та — 989 сомы æмæ 4 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!

Редакци

Дзырды фарн

Гъе, Уастырджи, фыдбылызæй нæ хиз,
Нæ къахыных дæр ма сриссæд фæндагыл.
Куыд нæ уадзæм нæ хъуыддæгтæ уæрагыл,
Мыггагмæ уæнт нæ кад æмæ нæ ис.

ЦОМАЙТЫ Ростислав

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **19 ноябры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **13-18 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **14-16 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 9,34

Хурыскаст — 06,58
Хурныгуылд — 16,32

Валютæйы аргъ

Доллар — 60,03
Евро — 62,27

12+

Арфæ

Уæрæсейы Федерацийы Уæлдæр скъолайы ахуыргæнæджы бонмæ

Республикæйы Уæлдæр ахуырадон кусæндæтты кадджын ахуыргæнджытæ!

Уæрæсейаг Уæлдæр скъолайы ахуыргæнæджы бон æвдисы уæ куысты бæрзонд ахадындзинад. Уæ удтыл нæ ауæрдгæйæ, уæ зонындзинæдтæ æмæ æнæрынцой сфæлдыстадон агуырдæй сымах фидар кæнут нæ бæстæйы интеллектуалон хъомыс!

Бирæнацион Ирыстон кæддæриддæр йæ науконахуырадон хъомысæй бæрæг дардта. Республикæйы уæлдæр ахуырадон кусæндæттæ бирæ азты дæргъы систы, агуырд чи цæуы, уыцы специалисттæ уадзæн æрмадзтау. Специалисттæ сæхи ссарынц алы къабæзты, сæ архайд вæййы сæрæн. Нæ студенттæ æрмæст бындурон зонындзинæдтæ нæ райсынц, фæлæ ма свæййынц удварны хæзнаты хицæуттæ. Æндæр регионты Цæгат Ирыстон кадимæ æвдисынц. Алы ахуыргæнæгæй дæр аразгæ у йæ институты, университеты кад.

Абон мын фадат ис, цæмæй уæлдæр скъолайы ветерантæн зæгъон кадгæнæн ныхæстæ, уыдон бындур сæвæрдтой бæрзонд квалификациимæ специалисттæ уадзынæн, уæрæсейаг ахуырадон æмæхсæнады сын кад ис. Республикæ уыцы традицитæ хъахъхъæны.

Зынаргъ æмкусджытæ, бæрæгбоны хорзæх уæ уæд! Сæрыстыр дæн, мæ бон уæм афтæ сдзурын кæй у, уымæй, уыцы фæрнæйдзаг хъуыддагмæ бар кæй дарын, уымæн аргъ нæй. Зæрдæбынæй уын арфæ кæнын, æнæниз, амонджын, фæрнæйдзаг ут, сфæлдыстадон æмæ наукон ногдзинæдтæ уæ къухы бафтæнт!

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар

Æхсызгон цау

Йæ тохвæллад фыды аккаг фырт

Зындгонд публицист, курдиатджын прозаик, газет "Рæстдзинад"-ы хайады раздæры сæргълæууæг, УФ-йы Фысджыты æмæ Журналисты цæдисы уæнг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболаты бирæвæрсыг сфæлдыстадон архайды зынгæ бынат ахсынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты, йæ фæсчъылдым уæхскуæз фæллойгæнджыты, идæдз сылгоймæгты æмæ сæ хъæбултæ тохы цæхæры кæмæн баззадысты, уыцы мадæлты фæразон æмæ зæрдæты парахатдзинад ирдæй æвдисæг очерктæ, уацтæ æмæ радзырдтæ. Сæ алкæцыдæр у нуарджын æмæ фæлгонцтæй æххæст, æнцонæмбарæн æвзагæй фыст.



Нæ фыдæлтæ тугуарæн цæхæры цы лæгдзинад равдыстой, уый Хъасболат æрыхъусæггæг хабæрттæй нæ зоны. Йæхи фыд Хъайтыхъо дæр бавзæрста тугахуырст азты хъизæмæрттæ. Хъæбатырæй хæцыд Сталинград знагæй ссæрибар кæныныл карз тохты. Фæци уæззау цæф æмæ йын хæсты архайыны бар нал уыд. Йæ райгуырæн хъæу Ставд-Дуртæм куы æрбаздæхт, уæд кад æмæ радимæ йæ царды кæронмæ зæрдиагæй фæкуыста хъæуы колхозы.

Йе сфæлдыстадон азфысты, Райгуырæн бæстæмæ уарзты æнкъарæнтæ æвзæрынгæнæг уацмысты автор, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутыл дзурæг цаутæ йæ уацауты æмæ радзырдты арæхстджын æмæ аивæй кæй ранывæнды, уый хорзыл банымадтой Дзæуджыхъæуы Ветераны советы уæнгтæ. Сæ иумæйаг уынаффæйæ, æрæджы Хъасболатæн, советы сæрдар, амалхъом **Лалыты Лев** саккаг кодта зæрдылдарæн майдан "Хæсты сывæллæттæ". Национ культурæйы æмæ литературæйы зæрдиаг архайæг Черчесты Хъасболат йæ ацы хорзæхыл æхсызгонæй сæмбæлд йæ бинонты къордимæ. Уый фæдыл ын, мах, йæ иузæрдион æмхъуыдыгæнджытæ, газет "Рæстдзинад"-ы редакци, кæнæм зæрдиаг арфæ. Зæрдæхæлар, цæстуарзон хистæрæн, национ мыхуыры æвæллайгæ зиууонæн, нæ цæст уарзы фидар æнæнидзинад æмæ ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ!

ГАСАНТЫ Валери
Къам систа ТОХТИАТЫ Виктория

Транспорт

Фæндаггаг фæзынаргъ

Æрæджы Дзæуджыхъæуы цалдæр маршруты (адоны 'хсæн — 23-æм, 24-æм, 25-æм, 35-æм æмæ æндæр маршруттæ) фæндаггаджы аргъ 20 сомæй 25 сомы онг фæфылдæр.

Бæлццонласæн кусæндоны минæвары ныхасмæ гæсгæ, ивæн хæйттæ, артаг æмæ хæдтулгæтæн лæггадкæнынады æргътæ уæлæмæ кæй схыстысты, уый нымайгæйæ, фæндаггаджы аргъыл бафтауын бахъуыд. Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: сæрды райдайæны цалдæр маршруты фæндаггаджы аргъ сырæзыд.

— Адæм æнцон уавæрты кæй нæ цæрынц, уый æмбаргæйæ, сæрдæй нырмæ æргътæ рæзт урæдтам. Фæлæ хæдтулгæскъæрджытæ дæр сæ бинонты хъуамæ истæмæй дарой. Цас гæнæн уыд, уый бæрц рæстæг æргътæ рæзт урæдтам, æмæ ныр фæндаггаджы аргъыл фондз сомы бафтыдтам. Амæй размæ дыууæ-æртæ мин сомæй балхæнæн кæй уыд, уыцы цалхы аргъ ныр авд-аст мин сомы онг схызт. Транспортæн æрвылбон хъæугæ шуруптæ, шайбæтæ æмæ æндæр ивæн хæйттæ дæр ныр бæлвырд фæзынаргъ сты. Артаг зынаргъæй-зынаргъдæр кæны, хæдтулгæскъæрæг та йæ бинонтæн хъуамæ исты амал кæна, — загъта æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Благовест"-ы директор **Саулохты Светланæ**.

Нæ уацхæссæг

Нысантæ

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы дарддæры нывыладæн

Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым ныхас цыд республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы дарддæры райрæзты нысантыл.

Боны фæткы фарстатыл дзургæйæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан** йæ доклады бæстон æрлæууыд, къабазы дарддæры нывыладæн ахъазгæнæг проекттæ æмæ программæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, ууыл. Зæгъæм, министр радзырдта, фыццаградон национ проект "Æнæниздзинад" æмæ регионалон программæ "Æнæниздзинад хъахъхъæнынады уагæвæрды фыццаградон медикон-санитарон æххуысы къæпхæны модернизаци"-йы уагæвæрдтыл цы куыст цæуы, уый тыххæй.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, амынд программæты фæлгæты ныртæккæ республикæйы арæзт æмæ цалцæггонд цæуынц 6 медицинон кусæндоны. Уымæй уæлдай, УФ-йы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады уынаффæйæ ацы объекттæ нымæцмæ бахæсдзысты ноджыдæр ма 3 медицинон кусæндоны.

Амбулаторитæ, фелсырон-акушерон пункттæ æмæ æндæр ахæм медицинон кусæндæттæ цалцæг æмæ аразынæй уæлдай, афойнадыл лыггонд цæуынц объектты техникон ифтонгдзинады фарстатæ дæр. Афтæ, æрмæст ацы азы дæргъы республикæ райсдзæн алыхуызон медицинон ифтонггæрзты 55 иуæджы. Уымæй уæлдай, æрæджы ælхæд æрцыдысты ног санитарон хæдтулгæтæ дæр — уыцы техникæ ныридæгæн байуæрстой районты медицинон кусæндæттыл.

Тебиаты Сослан йæ доклады æрлæууыд зæрдæ æмæ дадзинты низты республикон центры дарддæры ифтонгдзинады, дæрддзæф хъæуты афтектæ гом кæныны æмæ æндæр ахæм фарстатыл дæр.

Боны фæткы фарстаты фæдыл раныхас кодтой иннæ профилон æмæ цæстдарæг ведомствæты минæвæрттæ дæр.

Ныхасæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй Æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ иннæ бæрнон ведомствæтæ фыццаградон æргом хъуамæ здахой национ проекттæ æмæ регионалон программæты уагæвæрдтæ афойнадыл æххæст кæнынмæ.

— Рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй проекттæ æмæ программæты фæлгæты æххæстгонд цæуы ахадгæ куыст. Уыимæ, азы кæрон уæлдай бæстондæр кæсын хъæуы, цæмæй æппæт нысангонд куыстытæ дæр афойнадыл ахицæн уой. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад æмæ районты разамындæй курæг дæн, цæмæй уæхскуæзæй бакусой диспансеризацийы мадзæлттæ фæахадгæдæр кæныныл. Ацы хъуыддаджы уæрæхдæр спайда кæнын хъæуы цæугæ медицинон комплексты хъомысæй, — загъта Хицауады Сæрдар.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Коммуналон хæдзарад

Нуазыны донæмбырдгæнæнтæ

Республикæйы æмæ Дзæуджыхъæуы разамынды минæвæрттæ горæты нуазыны донæмбырдгæнæн æмæ доны хæтæлты куыст сбæрæг кæныны фæдыл ацыдысты бынæттæм.



Нуазыны донæмбырдгæнæнтæ æмæ доны хæтæлты куыст сбæрæг кодтой. Цæгат Ирыстоны донæввонгы системæ у модернизаци хъуаг. Уый ахицæн кæндзæн, цæрджытæ бирæ азты цы къуылымпытыл æмбæлдысты, уыдон. Сæ 80 проценты сты æдзæллаг уавæры. Уæлдай æвзæр уавæры ис дыккаг донæмбырдгæнæн, аразын æй райдыдтой 80-æм азты, цæмæй сæйраг донæмбырдгæнæныл уыйбæрц уæз ма цæуа, фæлæ рацарæзты рæстæджыты куыст æрлæууыд, нуазыны доны хъæугæдзинад фæфылдæр ис. Къамисы уæнгтæ уыдысты, Гæдийы-фырты æмæ Реданты цы донæмбырдгæнæнтæ ис, уым.

— Фыццаг донæмбырдгæнæн дзаг куы вæййы, уæддæр кæцыдæр рæстæджыты нæ фæфаг кæны дон, 31-æм æмæ 32-æм микрорайонты 'рдыгæй. Райдайæны Гæдийы-фырты цы донæмбырдгæнæн ис, уымæй, цæмæй ма горæты цæгат-ныгуылæйнаг хаймæ боны дæргъы дон æфтыд æрцæуа 10 мин кубы. Ацы нуазыны дон-иу райсомæй ратдзысты сæйраг донæмбырдгæнæнтæй, цæмæй дон хъуаг мачи уа. Цæрджытæ абон цы 'хца фидынц донæн, уыдонæй хæрдзтæ дæр нæй сæхгæнæн. Æнæмæнгæй сæ хъæуы модернизаци кæнын. Уый тыххæй архайæм, цæмæй модернизацигонд æрцæуой иууылдæр доны хæтæлтæ æмæ донæмбырдгæнæнтæ. Абон цы уавæры сты, афтæмæй бирæ нæ ахæсдзысты, æмæ цæмæй уый ма рцæуа, уый тыххæй бацыдыстæм ацы пилотон проектмæ. Æхца федералон бюджетæй 7,5 миллиарды рахицæн кодтой ацы хабæрттæн, — загъта цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн**.

Баххах ма кодтой, кæй фæзындзæн иумæйаг регионалон донæфсадæг оператор. Арæзт æрцæудзæн паддзахадон унитарон куыстуат. Уый фадат ратдзæн цæрджыты дон дæттыны къуылымпытæй фервæзын кæнынæн, тарифтæ снывыл кæнынæн, цæмæй фидой æрмæст хæрзхъæддзинады лæггæдтæн. Бабæрæг ма кодтой Реданты дæлстанцæ. Ам дæр, æнæмæнг, хъæуы модернизаци. Фидæны сæ фæнды рахизын цъирæнты фæлындæй, цæмæй хибæййы 100 аварийы бæрц. Уыцы зæронд хæтæлтæн сæ бон нæу доны цыдæн фæразын.

— Дон цы хæдзæрттæм цæуы, уыцы адæмæн тынг ахсджиаг у, цæмæй нуазыны дон цæуа æнæрлæугæйæ æмæ уа хæрзхъæд, цæмæй тариф дæр зынаргъ ма уа. Уый у фыццаградон хæс. Пилотон программæйы архайы æртæ регионы: Ирыстон, Дагестан æмæ Цæцæн. Æхца хицæнгонд æрцыдысты, цæмæй доны хæтæлты хъуыддæгтæ саразæм. Хъæуы сæрмагонд адæймаг, кæцы ацы доны хæтæлты æмæ донæмбырдгæнæнтæм йæ хъус дардзæн, уый уыдзæн ахадгæдæр, — загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æххæстбарджын республикæйы муниципалон скондты советы **Фадзайты Æхсар**.

Паддзахадон унитарон куыстуат хъавынц саразын ацы азы кæронмæ. Цæмæй 1 январæй райдайа йæ куыст.

ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ

Хабæрттæ районтæй

Беслæнæй Зилгæйы 'хсæн

Ныр цалдæр азы Зилгæйы цæрджытæ тыхсынц, сæ хъæумæ районы центр Беслæнæй автобус кæй нæ цæуы, уымæй. Сæ хъаст алырдæм хæссынц, фæлæ ницы.

Æхсæнадон транспорт кæй нæ цæуы, уымæ гæсгæ адæм афойнадыл нæ хæццæ кæнынц сæ куыстытæм, студенттæ — ахуырмæ, чи та дохтыртæм фæцæуы. Изæрыгæтты дæр афтæ, фæндæгтыл баззайы адæймаг.

Цалдæр хатты сын Хицауад зæрдæ бавæрдтой, ратдзыстæм уын автобус, зæгъгæ, æмæ сæ, чи зоны, æндæр ранмæ бахъуыд.

Ныртæккæ Беслæнæй Зилгæйы 'хсæн цæуы иунæг маршруткæ. Бузныг сты йæ шофыр Гаджиты Сосланæй, улæфты бон дæр йæ куыстмæ рацæуы. Фæлæ зилгæйæгтæ тыхсынц, уæд та фехæлд машинæ, цы нæ вæййы? Стæй ахæм стыр хъæубæстæн иу маршрутон такси фаг нæу.

Уæдæ алы хæдзары хи рог машинæтæ нæй, такситыл цæуын дæр зынаргъ у.

Уымæ гæсгæ, зилгæйæгтæ сæ куырдиат хъусын кæнынц, ацы фарста кæмæ хауы, уыцы бæрнон лæгтæн, районы депутаттæн.

Сæрмагонд графикмæ гæсгæ чи цæуа, ахæм æхсæнадон транспорт сæ æхсызгон хъæуы.

"Рахизфарсы цард"

Ныфсдæттæг фыстæджытæ

Æппæтуæрæсеон акци "Фыстæг салдатмæ"-йы архайынц мингай адæймæгтæ. Сæрмагонд æфсæддон операци кæм цæуы, уырдæм, стæй госпитæлтæм нæ бæстæйы алы къуымтæй тæхынц ныфсдæттæг фыстæджытæ.



Акцийы архайынц Елхоты колледжы æмæ скъолаты ахуырдзаутæ дæр. Алы фыстæг дæр у зæрдæмæхъаргæ. Размæцыдæн салдæттæн ныфс у знагимæ тохы. Æмæ кæрæдзиимæ зонгæ кæй не сты, уый æппындæр ницы хъыгдары. Æфсæддонтæ йæ æнкъарынц, æнхъæлмæ сæм кæй кæсынц сæрæгасæй, уæлахизимæ. Алы фыстæджы дæр сын арфæ кæнынц, сæ хъæбатырдзинад æмæ Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады тыххæй, æмæ хæстæгдæр рæстæг бæстæ кæй басабыр уыдзæн, уымæй сæ ныфс ис.

— Æрæджы нæ колледжы ахуырдзаутæн фембæлд уыд, отпусчы чи ссыд, æмæ фæстæмæ тохы быдырмæ чи здæхдзæн, ахæм æфсæддонтимæ.

Лæппутæ куыд загътой, афтæмæй Райгуырæн бæстæйæ фыстæджытæм фенхъæлмæ кæсынц, æхсызгонæй сæ бакæсынц, — зæгъы колледжы директоры хæдивæг **Бигъаты Жаннæ.**

"Размæ"

Сæ бæллиц сæххæст

Цæмæй рæзгæ фæлтæр сæ рæстæг пайдаджынæй арвитой, æнæнизæй хъомыл кæной, уыл архайынц Горæтгæрон районы разамынд.

Æхсызгон лæвар сæ хистæртæй райстой Октябрыхъæуы 2-æм спортивон скъолайы æрыгон футболисттæ. Хъазæн фæз æмбæрзт уыд резинæйæ, рæстæгимæ зауматмæ æрцыд. Районы хицауад цы æхца радих кодта, уымæй спортивон фæз сцалцæг кодтой. Арæзтадон куыстуат "Арв", йæ разамонæг **Тыджыты Анзор** хæдзардзин куыст бакодтой. Фæз ног хуызы йæхи равдыста, фæзынд дзы нырыккон æрмæгæй аразгæ цъæх æмбæрзт, футболæй хъазынæн ног кулдуæрттæ, æхсæвыгон бæстæ рухс вæййы электрон цырæгътæй.

Хъазынц дзы 7-17-аздзыд лæппутæ, уымæй, йæ пайдайы рæстæг у лæвар.

Ахæм нырыккон фæзтæ районы цалдæр сты, — Джызæлы, Ногиры æмæ ныр — Октябрыхъæуы. Хæстæгдæр рæстæг ахæм цъæх фæз фæзындзæн Сунжæйы хъæуы дæр, — зæгъы районы фæсивæды хъуыддæгты, физикон культурæ æмæ спорты хайады сæргълæууæг **Годжысаты Артур**. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, ахæм хорз уавæрты æрыгон футболисттæн сæ къухы бафтдзæн стыр уæлахизтæ.

"Фидиуæг"

Адæмы удæнцойæн

Æрæфы районы администрацийы æрвылбоны архайд баст у, нысангонд куыстытæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ. Федералон проекттæ æмæ программæты архайгæйæ, цалцæггонд æмæ фæлгонцгонд цæуынц ахсджиаг социалон объекттæ.



Бындурон цалцæггæнæн куыстыты фæстæ кадджын уавæры байгом сты скъолатæ Æхсæрысæры æмæ Быдыры Дæргъæвсы хъæуты. Цы бирæ уазджытæ æрбамбырд, уыдон федтой куыд райдзаст сты йæ агъуыстытæ, ис дзы ног дзаума, хæрæндон æмæ къæбиц дæр, ахуырæн дзы ис æппæт гæнæнтæ. 2024 азмæ районы 12 скъолайы дæр дзуапп дæтдзысты æппæт нырыккон домæнтæн.

"Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзты" бындурыл, 2023 азы Толдзгуыны хъæуы араздзысты донуадзæн ног системæ, Цыколайы цалцæг кæндзысты канализацийы хæтæлтæ, сывæллæтты æмæ фæсивæды спортивон скъолайы бæстыхай дæр бындуронæй сцалцæг кæндзысты программæмæ гæсгæ. Фидæны аз фæндæгты уавæрмæ се 'ргом аздахдзысты. Бæрæггонд куыд у, афтæмæй фæндагон куыстытæн сæ рæстæмбис цæудзæн Цыколайы, стæй, 2022 азы цы хъæуты фæндæгтæм нæ бавнæлдтой, уым. Ацы хъæугæ куыстытæн æхца радих кæндзысты республикæйы æмæ районы фæндæгты фондтæй.

"Ираф"

Æрмæджытæ бацæттæ кодта ГУГКАТЫ Жаннæ

Юбилей

Ахуыргонд, патриот, гражданин

ИРЫ ЦЫТДЖЫН ХЪÆБУЛ ЦЫБЫРТЫ ЛЮДВИГЫЛ СÆХХÆСТ 90 АЗЫ

Йæ наукон-иртасæн куыстытæй ахуыргонд-этнолог стыр æвæрæн бахаста ирон адæмы истори æмæ культурæ иртасыны хъуыддагмæ, иумæйагæй, фыдыбæстон кавказзонынадмæ.

Этнографи кабинетон наукæ нæу, уымæн йæ бындур у быдырон æрмæг, йæ хæрзхъæддзинад та у иртасæн куысты наукон хорздзинад. Цыбырты Людвигæн йæ балцвæндæгтæ канд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоныл нæ цыдысты, фæлæ Ирыстоны æдде ирæттæ кæм цæрынц, ууылты дæр. Уымæн йæ къухы бафтыд хъæздыг этнографион æрмæг æрæмбырд кæнын, кæцы бындур уыд йæ бирæ монографион куыстытæн, фæстæдæр та йæ энциклопедион проекттæн.

1964 азы Цыбырты Людвиг бахъахъхъæдта историон наукæты кандидаты ном "Поселения и жилища осетин", зæгъгæ, ахæм темæйæ, йæ разамонæг уыд зындгонд ахуыргонд, академик Г. Читая. 1970 азы рауагъта монографи "Осетинское народное жилище". Уый уыдис типологион классификацийы, генезис иртасыны, ирæтты цæрæн бынæтты æмæ цæрæнуæтты хуызты æмæ форматы фыццаг фæлтæрддзинад, сæ социалон культурæ æмæ царды фæткимæ. Ацы куыстæн специалисттæ скодтой хорз аргъ.

Этнографион наукæмæ зынгæ бавæрæн уыд Цыбырты Людвиджы монографи "Ирæтты зæхгуысты адæмон къæлиндар". Уый йын уыд бындур докторон диссертацийæн. Уым, наукон кавказзонынады фыццаг хатт иртæст æрцыдысты ирон адæмы зæхгуысты культурæйы архаикон цъæрттæ. Уыдонæн сæ уидæгтæ цæуынц ирæтты этногенетикон фыдæлтæм — скифтæм. Бæрæггонд æрцыдысты ирæтты аграрон къæлиндары æрдзон миниуджытæ. Цыбырты Людвиг радих кодта зæхгуысты культурæйы рæзты къæпхæнтæ, иртасы, йæ нымад рагон кæй у, уый. Уыимæ, хæссы ирон-кавказаг æмæ ирон-европæйаг этнографион æмхуызондзинæдтæ. Цыбырты Людвиджы куыст сразæнгард кодта Кавказы иннæ адæмты дæр. Бафæзмыдтой йæ Цæцæны, Дагестаны, Абхазы.

Цыбырты Людвиджы наукон сфæлдыстады сæрмагонд бынат ахсы монографи "Ирæтты удварны культурæйы рагон цъæрттæ", йæ бындуры — архаикæ хъахъхъæнгæ реконструкци кæнын: анимистикон æууæндындзинæдтæ, тотемизмы, мыггæгты æмæ æхсæнадон æрмæджыты, магион фæтктæ æмæ æууæндындзинæдтæ. Ацы иртасæн куыстæн наукон æмæхсæнад скодта хорз аргъ. Зындгонд ахуыргонд-динзонæг В. Басиловы хъуыдымæ гæсгæ, Цыбырты Людвиг йæ иртасæн куыстæй ногæй бафидар кодта этнографийы стыр гæнæнтæ адæймагады культурæ йæ рæзты райдиан къæпхæнты ахуыр кæныны хъуыддаджы. Чиныг стыр бавæрæн у этнографион динзонынады.

Уыцы монографийы фæстæ Цыбырты Людвиджы ном æрлæууыд Миллер æмæ Абайты Васойы нæмтты æмрæнхъ.

"Кæд материалон культурæйы мотивтыл Миллеры фæстæ дæр куыст цыдис, — фыста Исаты Мæхæмæт, — уæд удварны культурæйы фарстаты тыххæй Миллер æмæ Абайты Васойы фæстæ ацы куыстæй бындурондæр ницы бакастæн".

Уæрæсейаг этнографион наукæйы этникон, культурон системæйы æмбарынадтæй ацæуыны тенденци куы сæвзæрд, куыд статикон æмæ æхгæд æмæ динамикæмæ цымыдисдзинад куы фæзынд, уæд Цыбырты Людвиг агурын райдыдта ахæм ратæдзæнтæ, кæцытæ йын хъуамæ равдыстаиккой, цы рагон традицитæ сбæрæг кодта, уыдоны дарддæры хъысмæт ирæтты ног историйы уавæрты.

Уыцы суадæттæй иу ссис периодикон мыхуыр, кæцы цыдис Кавказы XIX æнусы дыккаг æмбисæй. Уым мыхуыргонд цыдысты кавказаг адæмты культурæ æмæ цардыуагыл дзурæг æрмæджытæ. Ирзонынады хайы уыдон сты А. Шегрены, В. Миллеры, М. Ковалевскийы, Хетæгкаты Къостайы, А. Скачков æмæ æндæр авторты куыстытæ.

Цыбырты Людвиг 25 азы куыста газетты мингай æрмæджытыл, цæттæ сæ кодта мыхуырмæ.

Уыцы æрмæджыты тематикæ æххæссы царды æппæт къабæзтыл дæр: хæдзарад, бинонтæ æмæ æхсæнады цард, дины æууæндындзинæдтæ, æгъдæуттæ, хидарыны нормæтæ, адæмы дзыхæйдзургæ сфæлдыстад, адæмы, йæ этникон историйы равзæрды фарстатæ.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ ахæм бындурон, егъау куыстытæ бакæны ахуыргæндты стыр къорд, Цыбырты Людвиг та уыцы куыст бакодта йæхæдæг иунæг удæй.

Æмбырдгонды авд томы зынгæ фæуæрæхдæр кодтой ирзонынады иртасæнты базæ æмæ феххæстдæр кодтой кавказзонынад Ирыстон æмæ ирæтты тыххæй æрмæджытæй".

Цыбырты Людвиг, патриот æмæ гражданин уæвгæйæ, зæрдиагæй архайдта Хуссар Ирыстоны æхсæнадон царды æмæ йæ зын рæстæджы тох кодта хуссайраг ирæттимæ сæ сæрибардзинадыл. 1993 азы сентябры Цыбырты Людвиг æвзæрст æрцыд Хуссар Ирыстоны Сæйраг Советы Сæрдарæй, республикæ президентонмæ куы раивтой, уæд та ссис йæ фыццаг Президент (1996-2001).

Историйы ис бирæ ахæм цаутæ, æмæ-иу ахуыргонд, дæргъвæтин фæцухы фæстæ, наукæмæ куы æрбаздæхт, уæд-иу хорзæй ницуал сарæзта. Фæлæ Цыбырты Людвиг уыдонæй нæ уыд, куы æрбаздæхт, уæд йæ къухы бафтыд зынгæ æнтыстдзинæдтæ.

Фыццаджыдæр, ирæтты традицион культурæйæ кæронмæ ахæццæ кодта йæ бындурон куыст "Ирæтты традицион удварны культурæ". Мингай азты арфмæ бацæугæйæ, автор æвдисы ирон адæмы традицион царды эволюци, йæ удварны культурæ скифаг, алайнаг, кавказаг, европæйаг бынтимæ быд кæй у, уæлдай рухс бауагъта ирæтты этногенезы æмæ этникон культурæйы бирæ фарстатæм.

Ноджы-ма йæ фондзтомон "Периодикон мыхуыр Ирыстон æмæ ирæтты тыххæй"-мæ бафтыдта ноджы дыууæ томы.

Ирон этнологийы æмвæзад ын фадат лæвæрдта бындурон, бæстон куыстытæ фыссынæн. Фыццаг уыдис Цыбырты Людвиджы хъæппæрисæй проект "Ирон этнографион энциклопеди". Уый уыдис фыццаг ахæм фæлтæрддзинад постсоветон тыгъдады.

Нартзонынады аргъ нæй йæ бындурон куыст "Ирон Нартиадæйы энциклопеди"-йæн. Арæзт у æртæтомонæй, æмæ дзы ирдæй зыны ирæтты æмæ сæ дард фыдæлты бирææнусон фæлтæрддзинад, кæцы дзаг у традицион культурæйы символикæйæ, æвдисы адæмы зондахаст, удварны æмæ эстетикон хæзнатæ.

Ахуыргонд-иртасæджы, популяризатор æмæ наукон зонындзинæдтæ пропагандæгæнæджы педагогы бирæазон зæрдиаг куыстæй Цыбырты Людвиг ссис фыдыбæстон этнографион æмæ историон кавказзонынады академион традицитæ намысджынæй дарддæр хæццæгæнæг.

> **Цыбырты Людвиг, патриот æмæ гражданин уæвгæйæ, зæрдиагæй архайдта Хуссар Ирыстоны æхсæнадон царды æмæ йæ зын рæстæджы тох кодта хуссайраг ирæттимæ сæ сæрибардзинадыл. 1993 азы сентябры Цыбырты Людвиг æвзæрст æрцыд Хуссар Ирыстоны Сæйраг Советы Сæрдарæй, республикæ президентонмæ куы раивтой, уæд та ссис йæ фыццаг Президент (1996-2001).**

ХЪАНЫХЪУАТЫ Зæлинæ,
Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор

Адæмы фарн разагъды лæгтæй цæуы

❁❁❁

Людвиг у ахуыргонд лæг, уæззау зонды хицау æмæ дарддзæст. Уый у дзуапджын лæг, ис æм уæздандзинад æмæ бæрнон культурæ.

Кæддæр Уырысы уæззау рæстæджы, Кутузовы тыххæй Пушкин фыста:

ЦЫБЫРТЫ Людвиг ГАЛАЗТЫ Æхсарбегимæ

"Когда народной веры глас воззвал к святой твоей седине: "Иди, спасай!" Ты встал и спас".

Ахæм уыд Ирыстоны Цыбырты Людвиджы хъысмæт дæр. Бадти ректоры къæлæтджыны, фылдæр та кусæн уаты, науæд архивты, куыста уæлмонцæй, фыста чингуытæ. Фæлæ Хуссар Ир йæ сау сыгъдæттыл, йæ риссаг хæлддзæгтыл, хъæрзыд хæсты цæфтæй, тыхсти æвæгæсæгæй. Уæд адæмы хæрзæджытæн сæ каст уыд Людвигмæ. Хорз лæг адæмæй хæс дары. Ныууагъта, дæсны цы куысты уыд, ныууагъта, дзырддзæугæ разамонæг цы куыстуаты уыд, уый æмæ дзыллæты фæндæй бацыд адæмы бæрны. 1993 азы ссис Республикæ Хуссар Ирыстоны Сæйраг Советы Сæрдар, 1996 азы та — йæ фыццаг Президент.

Людвигмæ разынд бæрнон куыстæн зонд, хъару æмæ курдиат. Æмæ æрбæстон кодта республикæйы уавæр. Бирæ хæрзтæ йын бантыст, фылдæр ын бантысæд. Уастырджийы кувæн бонты æрцыд йæ райгуырæн бон, æмæ йе ‘мбал уæд нæ каджын Бардуаг.

ДЖЫККАЙТЫ Шамил,
Ирыстоны адæмон поэт,
профессор

❁❁❁

"Ирон этнографион энциклопедийæн" нæй, дунеон этнографион наукæйы йæ кæимæ абарæм, ахæм хуызæндзинад. Раппæлинаг сты, ацы вазыгджын, бирæвæрсыг куысты сæйраг хъуыды кæмæ ‘рцыд, æмæ йын чи сарæзта йæ уагæвæрд.

Энциклопедийы цы 4 минæй фылдæр уацы ис, уыдоны æвзæрст цæуы ирон адæмы материалон æмæ удварнон культурæйы æппæт фарстатæ. Хорз æвдыст цæуынц революцийы агъоммæйы ахуыргæндтæ: Шегрен, Пфаф, Миллер, Ковалевский, Хетæгкаты Къоста, Санаты æфсымæртæ Дзантемыр æмæ Гацыр. Зæрдæмæхъаргæ сты советон дуджы зындгонд ахуыргæндтæ — Абайты Васо, Кокиты Гиуæрги, Косвен, Калоты Барисыл фыст уацтæ. Æнæцæстмæхъус æгъдауæй æмæ йын йе ‘нтыстытæ куы хынцæм, уæд ранымад ахуыргæндты æмрæнхъ фидарæй лæууы егъау уæрæсейаг ахуыргонд, Уæрæсейы Федерацийы наукæты сгуыхт архайæг, энциклопедийы идейон разамонæг æмæ сæйраг редактор Цыбырты Людвиг. Институты директор, профессор Хъаныхъуаты Зæлинæйы æххуысæй æмæ иумæ архайгæйæ, Людвигæн бантыст энциклопедийы концепцийыл бакусын, куыстхъом, курдиатджын автортæ æмæ редакцион коллеги æрбангом кæнын. Уый та энциклопедийыл хуыздæрæрдæм фæзынд.



Историон наукæйы бындуртыл æнцой кæнгæйæ, энциклопедийы курдиатджын автортæ зæрдиагæй ахæццæ кодтой сæ куыст кæронмæ. Гъе уымæ гæсгæ "Ирон этнографион энциклопеди" бацыд кавказзонынады сыгъзæрин фондмæ, Уæрæсе æмæ дунейы адæмты наукæтæм.

ЦЫБЫРТЫ Людвиг АБАЙТЫ Васоимæ

Барасби БГАЖНОКОВ,
историон наукæты доктор,
Кæсæг-Балхъары
Республикæйы наукон-
иртасæн институты директор
(2013)

❁❁❁

Кæддæр, XVIII æнусы стыр фыссæг, философ æмæ ахуыргонд Дени Дидро йæ æмхъуыдыгæнджытимæ сæрæвæрæн скодта Францы энциклопедийæн. Цыбырты Людвиг та — йе ‘мхъуыдыгæнджытимæ Ирон энциклопедийæн.

Гъе æмæ Дидройы стыр куысты хал ахæрæг Людвиджы фыдæбон дæр, уый Францæн цы хæрзты бацыд, уымæй йын фылдæр бантысæд. Уый цы цæрæццаг фæндагыл рацыд, ахæм фæндагыл æй бафтауæд сыгъзæрин Уастырджи!

ЦГЪОЙТЫ Хазби,
Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты
Къостайы номыл паддзахадон
премийы лаурет

❁❁❁

Ивгъуыд æнусы 90-æм азты райдайæны Хуссар Ирыстон зын уавæры куы бахауд, куы слæууыд хæсты тæмæнæй сабырдзинадмæ фæндагыл, анархийæ закъонад æмæ фæтк æрæвæрынмæ, уæд уыцы ахсджиаг рæстæг республикæйы сæргъы æрлæууыд Цыбырты Людвиг.

Æмæ фыдæлтæй баззайгæ хиуылхæцынад æвдисгæйæ, уый равдыста йæхи, куыд дардыл хъуыдыгæнæг политик æмæ разамонæгæй æмæ лыг кодта республикæйы ахсджиагдæр фарстатæ. Аст азы дæргъы Республикæ Хуссар Ирыстоны æрцыд царды алы къабазы дæр бирæ æнæмæнгхъæугæ хорзæрдæм ивддзинæдтæ. Бонæй-бон æвзонг республикæ фидарæй-фидардæр кодта, фæхуыздæр ис уавæр, куыд мидæгæй, афтæ республикæйы алыварс дæр. Фæсхох ирæттæн сæ историйы фыццаг хатт бантыст сæхи национ паддзахад сарæзын.

Стыр политикæйæ æндæр æмæ æндæр хуызæтты ахизынц. Иутæн дзы сæ нæмттæ уайтагъд ферох вæййынц, иннæтæ ма цыдæр æнæхъола, æнæахадгæ куыстытæ фæкæнынц, аннæтæ та — галиу фæндагыл ныллæууынц. Цыбыры-фырт адонæй иутæм дæр нæ хауы. Политикон олимпæй куы ‘рхызт, уæд йæ дыстæ басчъил кодта æмæ рывнæлдта наукон-иртасæн куыстмæ, ирзонынады тыгъдады æвдисы цæвиттон йæ куыстуарзондзинадæй, йæ бирæ ахсджиаг чингуытæй, энциклопедитæй. Бантыст ын тынг бирæ æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад æмæ ноджы стырдæр æнтыстытæ.

КЪУСРАТЫ Анатоли,
Уæрæсейы наукон академийы
Дзæуджыхъæуы наукон центры
разамонæг, профессор

❁❁❁

Цыбырты Людвиджы лæггæдтæ Ирыстонæн бирæ сты, фæлæ йыл хъуамæ басæттæм, йæ иуыл стырдæр лæггад у, Ирыстоны мæсыг йæхи дурæй хæлын кæй нæ бауагъта æмæ йæ бирæгътæн дæр холыйаг кæй нæ фæкодта. Уый та, æнæмæнгæй, у, цæргæ-цæрæнбонты зæрдыл дарæн кæмæн ис, хъæбулы уыцы иуыл стырдæр лæггад йæ Фыдыбæстæн.

ХЪАЗИТЫ Мелитон,
Ирыстоны Фысджыты цæдисы
æмсæрдар, ХИПУ-йы профессор

❁❁❁

Нæ адæммæ баззад ныхас: "Куыд бирæ у иу лæгæн йæ бон, куы дæм уа хъару, зонд æмæ тырнынад".

Уыдонæй æрдзæй хайджын фæцис нæхи Людвиг Алексийы фырт.

Нæ куырыхон Секъа йæ рæстæджы Колыты Аксойæ афтæ загъта: "Бон нæ бадтис, æхсæв нæ хуыссыд, Ирыстоны къуымты зæрватыккау ратæх-батæх кодта, армыдзаг Ирыстоны иу фæндагмæ кодта".

Ацы ныхæстæ абон сæрыстырæй ахæссæн ис Цыбырты Людвигмæ.

1956 азæй абонмæ æрулæфт нæ зоны, йæ дзыллæйы абон æмæ йæ сомбоныл хъуыды кæнгæйæ, æргом ныхас кæм хъæуы, уым у Нарты Батрадзы æхсаргард, рæстæг æмæ дугыл хъуыды кæнгæйæ та — Нарты Уырызмæг.

Йæ царды фæндæгтæм ын куы акæсай, уæд фидарæй зæгъæн ис: йæхи царды рахаста, уарзта куыст, фæллой кæнын æмæ ссис, Ир æцæг лæг кæй хонынц алы хъуыддаджы дæр, ахæм ахуыргонд лæг.

ПЛИТЫ Гацыр,
Хуссар Ирыстоны
паддзахадон университеты
ирон кафедрæйы
сæргълæууæг, профессор

Спортивон фидиуæг



Футбол

Кубокыл хъазт дæр сын нæ фæрæстмæ

Уæрæсейы Кубок рамбулыныл ерысты 1/8 хайы Дзæуджыхъæуы футболон командæ "Аланыстон" уазæгуаты фембæлд Самарæйы облæсты, горæт Тольяттийы командæ "Акрон"-имæ.

"Аланыстон"-ы рæнхъыты хъазæн фæзмæ рацыдысты: **Георги Натабашвили**, **Тадтаты Алексей** (46' — **Дзауатты Зауыр**), **Хъæцмæзты Сослан** (50' — **Гуыбиаты Эрик**), **Дзæхаты Давид, Дауыраты Руслан, Заур Тарба, Хуыгаты Алан, Александр Ташаев, Абу-Саид Эльдарушев** (61' — **Цоциты Алан**), **Андрей Мазурин** (61' — **Дудайты Инал**).

Ацы фембæлды "Аланыстон"-ы бындурондæр хъазджытæй, тренерты фæндмæ гæсгæ, фæзмæ нæ рацыдысты фараст футболисты.

Уый сæ баивджытæн фадат лæвæрдта сæхи хъомысджынæй равдисынæн.

Алайнæгтæ атындзыдтой размæ æмæ "Акрон"-ы дуармæ бацæуæнтæм иу ныббырст иннæйы фæстæ бæргæ арæзтой, фæлæ сын пурти фысымты хызыл сæмбæлын кæнын кæронмæ дæр нæ бантыст.

Уый хыгъд фысымтæ иттæг хорз спайда кодтой, 55-æм минутыл сын цы æвиппайды гæнæн фæцис, уымæй, æмæ сæ хъазæг **Дмитри Сасины** цæфы фæстæ пурти уазджыты дуары фæмидæг. "Акрон" размæ рацыд 1:0 хыгъдæй. Алайнæгтæ ма уый фæстæ къорд хатты бæргæ хæстæг уыдысты хыгъд аивынмæ, фæлæ пурти нæ футболисттæн "Акрон"-ы хызыл сæмбæлын кæнын нал бакуымдта. Хъазт ахицæн 1:0 хыгъдæй фысымты пайдайæн, æмæ ныр "Акрон" дарддæр ерыс кæндзæн Уæрæсейы Кубок рамбулыныл 1/4 хайы, "Аланыстон"-ы футболисттæ та хъуамæ се 'ппæт тыхтæ дæр саразой фыццаг къорды чемпионаты уæлдæр бынат рамбулынмæ.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Экологи

Иуварсгæнинаг бырондæттæ

Цæгат Ирыстоны санитарон сыгъдæгкæнынад, æфснайдад æмæ цъæхфæлындады фæдыл республикон мæйоны фæткмæ гæсгæ, регионы æвастæй сæвзæрæг 70 бырондонæй фылдæр аиуварсгæнинаг сты.

Сентябры æххæстгонд рейдты рæстæг республикæйы хъæууон районты рабæрæг сты æвастæй дзы сæвзæрæг 58 бырондоны, Дзæуджыхъæуы та — 15 бырондоны. Зæгъæм, Терчыфалейы районы æвастæй сæвзæрæг бырондæттæ раргом сты Цæгат-Ныгуылæн уæлмæрдты раз, поселок Попов хуторы, Фесины уынджы, Цымийы кæрон фæндагон-патрулон службæйы посты бакомкоммæ, Доны станцæйы уæллаг хайы ресторан "Ветерок"-мæ 'ввахс ран æмæ Бæлтайы хъæуы.

Промышленнон районы æвастæй сæвзæрæг бырондæттæ ссардæуыд Заводы поселочы 11-æм хаххы кæрон фæндагмæ 'ввахс ран, электрон тыхуадзæн телты раз быдыры, уæлмæрдты раз, стæй Дидинæгджын æмæ Магистралон уынгты кæрæтты.

Дзæуджыхъæуы администрацийы хæс у ацы мæйы кæронмæ амынд бырондæттæ бафснайын. Нæ республикæйы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады инспекцийы ныхасмæ гæсгæ, мæйон нæ регионы парахатæй цæуы.

Нæ уацхæссæг

Барадон фæтк

Барвæндонæй радтынæн

Цæгат Ирыстоны фæзуатыл цæрæг Уæрæсейы граждæнтæм ис æнæзакъонæй сæм æфснайд æхсæнгæрзтæ, хæцæн æрмæг, стæй рæмудзæн буаргъæдтæ æмæ рæмудзæнгæрзтæ цыфæнды бон æмбæлгæ акци аразыны тыххæй æнæ уæлæмхасæн хъусынгæнинагæй æхцайыл радтыны бар.

Æнæзакъонæй сæм æфснайд æхсæнгарз кæнæ рæмудзæн æрмæг барвæндонæй радтыны фæнд скæнæг адæймæгты хæс у мидхъуыддæгты хæстæгдæр фæзуатон оргæнмæ бахатын, науæд **"02"** телефонæй фæдзурын.

Уымæй уæлдай, æхцайæ зæрдæлхæнæн кæм бафидынц, Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрад Фæллой æмæ социалон рæзты ахæм министрадмæ барвитынæн хъæугæ гæххæттытæ æмбырд кæнын адæмæн æххуыс кæны.

Зæгъæм, хæстон æхсæнгарзы иуæджы тыххæй бафидынц **25 мин** сомы онг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: хæцæнгарз æмæ хæцæн æрмæг барвæндонæй радтæг адæймæгтæ уголовон бæрндзинадæй уæгъдгонд æрцæуынц.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Юбилейы къæсæрыл

"Ацыд этнографион æрмæг æмбырд кæнынмæ..."

Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты уыд УАРЗИАТЫ Вилены юбилей æмæ йæхи тыххæй фыст чиныджы презентаци. Уый бабастой ахуыргонды юбилейимæ.

— Уарзиаты Вилен уыд курдиатджын наукон иртасæг. Рынчын уæвгæйæ, уый йæ рæстæг æнæхъуаджы нæ хардз кодта. Чиныг — мысинæгтæ, у Уарзиаты Вилены номараен чиныг. Ныр ма ЦИГСИИ-йы æрыгон кусæг куы уыдтæн, уæд мын уыд фамыхуыргонд, фæлæ уыцы æрмæджытæ æмбырд æрцыдысты, æмæ сæ иумæйагæй ныммыхуыр кодтам. Бузныг зæгъын, йе 'ххуысы хай чи бахаста, уыдонæн, — загъта чиныджы автор **Сæлбиты Тамерлан.**

Уарзиаты Вилен уыд рæйы фидар бастдзинæдтæ, йæ куыстытæм гæсгæ абон мах зонæм ивгъуыд заманты æгъдæуттæ.

6 ноябры Виленыл хъуамæ сæххæст уыдаид 70 азы. Номараен бон ЦИГСИИ-йы кусджытæ скодтой чиныг-мысинæгты презентациимæ. Æрхъуыды йын кодтой йæ цардæй цымыдисагдæр цаутæ. Вилен нæ уыд цыппар къулы 'хсæн бадæг иртасæг, уый алы сæрд дæр зылд кæмтты æмæ æмбырд кодта этнографион æрмæджытæ, уыимæ баст у чиныджы сæргонд дæр — "Ацыд этнографион æрмæг æмбырд кæнынмæ".

дат ахæм курдиатджын ахуыргонды зонын æмæ йемæ кусын. Уый фæстæ ЦИПУ-йы куы куыста, уæддæр уыдыстæм кæрæдзимæ баст. Уæды рæстæджы мысинæгтæ æмæ мæ ахаст Виленмæ æвæрд æрцыдысты чиныджы бындуры. Хайгай чиныг уыд

ГОБОЗТЫ Агуындæ
Къам систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Адæмæн зонинаг

Ахуырадмæ исынц

Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг арæнхъахъхъæнæг управлени сержанттæ æмæ прапорщикты бынæттæм Уæрæсейы граждæнтæй бæстæйы Æдасдзинады федералон службæйы арæнхъахъхъæнæг оргæнтæм фидымæ гæсгæ æфсæддон службæ кæнынмæ, стæй арæнхъахъхъæнæг къабазы Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы ахуыргæнæндæттæм ахуыр кæнынмæ бацæуынмæ кандидатты æмбырд кæны.

Æфсæддон службæмæ кандидаттæм кæй бавдисынц, ахуырады къæпхæнæй (æппынкъаддæр астæуккаг (æххæст) иумæйаг ахуырад), æнæниздзинады уавæрæй, профессион æмæ хъуыддаджы миниуджытæй, стæй, физикон цæттæдзинадæй ахæм домæнты аккаг чи у, фидымæ гæсгæ æфсæддон службæмæ кандидатты хуызы æрныхас кæнынц 18-35-аздзыд ахæм уæрæсейаг граждæнтыл. Фарстытæ радтæн ис мæнæ ахæм телефонæй: **8(8672)-409-380.**

Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы ахуыргæнæндæттæм ахуыр кæнынмæ исынц:

— æфсæддон службæ чи нæ кодта, 16-22-аздзыд ахæм уæрæсейаг граждæнты;

— æфсæддон службæ чи кодта, Уæрæсейы ахæм граждæнты, стæй æрсидтмæ, кæнæ фидымæ гæсгæ, æфсæддон службæ чи кæны, ахæм æфсæддон службæгæнджыты, цалынмæ сыл 24 азы нæ сæххæст, уæдмæ.

Æппынкъаддæр астæуккаг (æххæст) иумæйаг ахуырад кæмæ ис, ахуырадмæ исынц ахæм лæппуты, ахуырмæ уæлдæр ахуырадимæ адæймæгты нæ исынц.

Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы институт (Дæллаг Новгород) медицинон кусджыты цæттæ кæны мæнæ ахæм къабæзтæм гæсгæ: **астæуккаг профессион ахуырад, дæсныйад — дзæбæхгæнæн хъуыддаг. Квалификаци — фелсыр.** Астæуккаг (æххæст) иумæйаг ахуырады (11 къласы) бындурыл. Ахуырады æмгъуыд — 3 азы æмæ 10 мæйы.

Уæлдæр ахуыргæнæндæттæм ахуырадмæ бацæуынмæ хъавæг адæймæгтæ æмæ сæ ныййарджытимæ фембæлдтытæ арæзт æрцæуынц сентябрæй декабры онг æрвылцыппæрæмы 16 сахатыл мæнæ ахæм адрисмæ гæсгæ: Дзæуджыхъæу, Магкæты Зурабы уынг, 77. Фарстытæ радтæн ис мæнæ ахæм телефонæй: **8(8672)-409-416.**

УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг арæнхъахъхъæнæг управленийы пресс-службæ

Дзырдбыд

ФÆРСЫРДÆМ: 6. Æнæрвæссон. 9. Арф уæрм ахст адæмæн. 10. Тæнæг сæрак. 12. Дидинæг. 14. Лæппынвос. 15. Æнæ мад, æнæ фыд. 16. Хусгонд царм. 20. Фосы зымæгон дарæн. 22. Кучиты Юри капитан кæм уыд, уыцы науы ном. 24. Гутон сыгъдæггæнæн дзаума. 25. Дæгъæлтæ иумæ бастæй. 26. Цæсгомы хай. 27. Наулæууæн Пуэрто-Рикойы. 29. Æнтыд. 31. Ныхасы хай. 34. Сырдоны фырттæй иуы ном. 36. Кæлмæрзæн, сæрбæттæн. 37. Сывæллоны сынтæг. 39. Хæлафы хай. 40. Æфсæддон цин. 41. Разамонæг.

БЫНЫРДÆМ: 1. Хох Ирыстоны. 2. Къуызыр, бызычъи. 3. Фос фæхизыны фæстæ ... цæгъды. 4. Музыкалон термин. 5. Стъалыгуппар. 7. Ирон хæринаг. 8. Бирæ зонаг, стыр ахуыргонд. 11. Ирон таурæгъты æнахуыр стыр маргъ. 13. Къостайы æмдзæвгæ. 16. Сывæллон, æвæрæз, æнæбон. 17. Тынг чъизи. 18. Хæдзары, сарайы сæр иуырдæм къул. 19. Зындгонд уырыссаг архитектор XIX æнусы. 21. XVIII æнусы Уæрæсейы зындгонд архитектор. 23. Сылгоймаджы уæлæдарæс. 28. Дзугаты Георгийы æмдзæвгæ. 30. Суар. 32. Испайнаг æлдар, дворянин. 33. Рагон бирæбынатон къарет. 35. Нымæц. 36. Фос кæвдæсмæ бæттæн фæрæз. 38. Тæхæг маргъ.

Дзуаппытæ 12 ноябры номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 7. Галæгон. 8. Галхæфс. 11. Старц. 12. Æдзæм. 13. Хæрисджын. 17. Æлгъын. 20. Домино. 21. "Хицауад". 22. Ламаз. 23. Волгæ. 24. Æнгом... 25. "Размæ". 26. Сæкæр. 29. Рухæн. 31. Сæрдзæг. 32. Сæлдæг. 33. Доцент. 37. Дзывылдар. 41. Роцъо. 42. Хæдон. 43. "Алырдæм ..." 44. Беридон.

БЫНЫРДÆМ: 1. Гаграе. 2. Сгарæг. 3. Андри. 4. Агъуд. 5. Алухын. 6. Афæдз. 9. Стъæлха. 10. Рæхснаг. 14. Сæнар. 15. "Сидзæргæс". 16. Бонвæрнон. 18. Физонæг. 19. Багалæг. 27. Æбæрнон. 28. Æдылы. 30. Æрнигон. 34. Дзындз. 35. Тамарæ. 36. Хъоло. 38. Вохма. 39. Ланби. 40. Бæлон.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Фæлладуадзæн къуырисæр

Джеоргуыбайы райдиан къуырисæр Цæгат Ирыстоны уыдзæн фæлладуадзæн бон. Ацы республикон закъоны уынаффæ фидаргонд æрцыд 2018 азы. Джеоргуыбайы бæрæгбоны къуыри 2022 азы ацæудзæн 21-28 ноябрмæ.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуыраен бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

В цех по производству чурчхелы и пастилы в с. Ир требуется сотрудник. График работы: 3/1 с 9.00 до 18.00 Оплата — 1.200 руб. в смену + бесплатный обед. ТЕЛ.: 8-928-935-00-85 (Екатерина).

Ремонт стиральных машин и холодильников. ТЕЛ.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Газеты иннæ номыр рацæудзæн 23 ноябры

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37. Бæрнон нымæрдар: Саутæты Тамилæ — 25-93-68. Шеф-редактортæ: Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33. Рауагъды редактортæ: Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89. Сæйраг бухгалтер: Дойаты Ленæ — 25-94-19. Уацхæсджытæ: Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16. Къамисæг: Хъайырты Дианæ — 25-91-88. Сайты редактор: Хозиты Дзерассæ — 25-90-54. Рекламæйы хайады сæргълæууæг: Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03. Корректортæ — 25-93-36, компьютерон цех — 25-93-97.

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3508. Заказ № 1299.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru